



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KA KE OU TE RATE LI: ATIK OPINYON GOUVÈNÈ HOCHUL NAN AMNY:
FASON NOU GENYEN GÈ A POU ATANSYON TIMOUN NOU YO**

Jodi a, amNY te pibliye yon atik opinyon Gouvènè Kathy Hochul konsènan pwopozisyon li pou mete restriksyon sou itilizasyon telefòn entelijan nan lekòl yo depi nan kòmansman rive nan fen klas yo, sa ki pèmèt elèv yo aprann epi kominike nan yon anviwònman san distraksyon. [Ou kapab wè tèks atik opinyon an sou entènèt](#) epi li disponib anba a:

Lè m te vin premye Manman ki Gouvènè Nouyòk, mwen te pwomèt m ap goumen pou timoun eta nou yo kòm si yo te pwòp piti mwen. M ap aplike efò sa yo nan lekòl nou yo—paske mwen konnen li enpòtan pou chak timoun aprann ak grandi nan yon anviwònman ki pa gen distraksyon. Pandan ane ki sot pase a, mwen te òganize seyans ekout ak paran, pwofesè, administratè, ak elèv yo pou adrese youn nan pi gwo baryè nan siksè elèv yo: ki se distraksyon san rete yo ki te pwodwi pa telefòn selilè ki sanble tache pèmanan ak men timoun nou yo.

Sa mwen te tandè te estrawòdinè. Tout moun te dakò ke telefòn nan lekòl nou yo te frennen timoun nou yo, ki gen ladan yon adolesan estrese ki te deklare, "ou dwe sove nou kont tèt nou." Nou pa ka tann pou rezoud pwoblèm sa a; deba kontinuèl pral sèlman plonje timoun nou yo nan plis soufrans. Se poutèt sa m ap pwopoze kounye a yon politik enpòtan pou mete restriksyon sou itilizasyon telefòn entelijan ak lòt distraksyon dijital nan lekòl eta Nouyòk yo.

Depi lè mwen te antre an fonksyon, mwen te pouswiv yon ajanda anbisye pou amelyore lavi timoun yo. Nou te konstwi nouvo lakou rekreyasyon, amelyore enstalasyon lekòl yo, epi nou te envesti plizyè milyon dola pou diminye mòtalite matènèl ak enfantil. Ane pase a, mwen te siyen an lwa lejislasyon inik nan nasyon an pou pwoteje timoun nou yo kont rezo sosyal adiktif ak libere yo anba priz aparèy dijital yo. Pandan ke nou deja fè gwo pwogrè, travay nou an pa fini.

Toupatou nan Nouyòk—nan gwo vil yo ak nan ti bouk ki pi piti yo—tèt timoun nou yo bese, je yo fikse sou ekran yo. Telefòn entelijan, mont entelijan, ak tablèt kòmande atansyon yo. Fliks ak notifikasyon pwouve yo pi entrigan pase leson ki sou tablo a oswa kèlkeswa sa manman an ap di. Si li difisil pou granmoun yo depoze aparèy yo, imajine

kijan li pi difisil pou timoun yo ki toujou ap aprann disiplin ak kontwele pwòp tèt yo? Epi lè timoun nou yo konsantre plis sou imaj plis pase matematik, yo retade.

Ekspè yo dakò avè m. Pwofesè NYU Jonathan Haidt, otè The Anxious Generation, avèti ke "fliks entèripsyon ki pa janm fini an afekte kapasite adolesan yo pou yo panse epi yo ka kite mak pèmanan sou sèvo yo ki rapidman rekonfigire." Avèk yon bagay ki gen anpil valè tankou lespri yon timoun k ap devlope, mwen p ap rete san fè anyen pou gade pandan timoun nou yo konfwonte soufrans pou tout lavi yo.

Nouvo politik mwen pwopoze a senp menm jan li pral efikas: pa gen telefòn oswa aparèy ki pèmèt koneksyon ak entènèt nan lekòl nou yo depi premye son klòch la jiska rive nan dènye a. Lekòl yo pral gen fleksibilite nan deside ki jan yo estoke aparèy, libere pwofesè yo pou konsantre sou sa yo fè pi byen-ansèyman.

Mwen konnen ke chanjman pafwa difisil - epi yo ka fè pè. Pandan ke vas majorite paran yo dakò ke telefòn selilè yo poze yon pwoblèm nan lekòl la, mwen konprann kèk gen enkyetid sou rete an kontak ak timoun yo. Se poutèt sa mwen mande pou lekòl yo etabli mwayen pou paran yo kontakte pitit yo pandan jounen lekòl la lè sa nesèsè. Premye sekouris yo te ankouraje m tou pou m avanse ak règleman sa a, yo te avèti ke nan ijans, timoun ki distrè yo souvan pa suiv enstriksyon yo.

Ajisteman sa a ka pa fasil, men se sa ki bon chwa pou nou fè. Antanke granmoun, se responsablite nou pou pwoteje timoun nou yo kont mal, kit se alkòl, tabak, oswa algorit rezon sosyal ki adiktif yo. Ann pa bliye: edikasyon san distraksyon se pa yon lide radikal. Pandan plizyè jenerasyon, moun yo te ale lekòl, yo te fè zanmi, epi yo te grandi san antrav yon telefòn selilè. Lè nou fè lekòl nou yo retounen yon sanktyè aprantisaj, n ap bay byennèt timoun nou yo priyorite sou pwofi gwo konpayi teknoloji yo.

Mwen gen yon sèl prediksyon lè nou separe timoun nou yo ak aparèy adiktif sa yo: nou tout pral sezi. Sezi wè jan ri yo sonnen byen fò. Sezi pou kiryozi yo ak kreyativite yo. Sezi wè kantite enèji yo genyen pou jwe, eksprime tèt yo, epi jis vin timoun ankò. Ansanm, n ap libere timoun nou yo—epi lavni an pa janm parèt pi bèl.

Kathy Hochul se 57èm gouvènè Nouyòk, epi premye fanm ki te pran pòs la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)